

LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK

Nama:

Kelas :

Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi milih wangsulan a. b. c. utawa d kang dianggep bener!

1. Crita kang nggambarake pengalaman kang nyenengake yaiku

- a. Ora menang lomba olahraga
- b. Kelangan kanca dolan
- c. Wisata menyang benteng Vredeburg
- d. Tiba saka motor

2. Nalika bubar ujian akhir, aku karo kanca-kanca dolan menyang Selokan Mataram. Bubar dolan aku tiba saka pit kang arep mandheg.

Crita pengalaman kasebut kalebu crita kang

- a. Mboseni
- b. Lucu
- c. Nyenengake
- d. Sedhih

3. Bab kang ora ana ing sajrone crita pengalaman yaiku ...

- a. Papan
- b. Tema
- c. Amanat / pitutur luhur
- d. Kedadeyan kang ora sunyata



4. Gatekana crita pengalaman ing ngisor iki dinggo mangsuli pitakonan nomer 4-6!

Wisata ing Sonobudoyo



Wekdal prei ujian sekolah sampun dumugi. Kula kaliyan kulawarga badhe plesir dhateng museum Somobudoyo. Bapak kaliyan ibu sampun nyumawisaken samubarang ingkang kabethahaken samangke. Samsampunipun sedaya siap, kula kaliyan kulawarga bidhal tumuju papan plesiran menika. Caket kaliyan titik nol Yogyakarta, museum Sonobudoyo katingal megah lan endah.

Saksampunipun dumugi ing museum, kula tumbas tiket regi 10 ewu. Bapak kaliyan ibu ugi mundhut tiket. Boten dangu, kula kaliyan bapak ibu melbet lan mendhet foto sesarengan. Museum menika nyimpen crita babagan sejarah Jawa saha budaya Jawa ingkang jangkep. Museum Sonobudoyo ugi asring ngawontenaken pameran budaya lan seni.

Apa kang dadi mumpangat saka crita pengalaman Wisata ing Sonobudoyo?

- a. Minangka piwulang kudu sabar yen antri tiket
- b. Nambah kawruh bab sejarah Jawa lan budayane
- c. Nambah kawruh bab wit-witan
- d. Ngudhar ruweting pikir amarga tokoh 'aku' lagi ujian

5. Tembung 'nyumawisaken' saka wacan ing ndhuwur tegese

- a. Nyiapke
- b. Tuku samubarang
- c. Nyimpen
- d. Nggawa

6. Tembung 'mundhut' saka wacan ing ndhuwur tegese

- a. Njupuk
- b. Tuku
- c. Nggawa
- d. Ngombe

7. Gatekna ukara pokok ing ngisor iki!

- 1) Juwara 2 lomba maca geguritan
- 2) Sekolah nganakake class meeting
- 3) Danar ditunjuk wali kelas makili salah sawijine lomba
- 4) Danar gladhen kanthi mepeng


Urutan ukara ing ndhuwur supaya dadi cengkorongan carita pengalaman kang becik yaiku....

- a. 4-1-3-2
- b. 2-1-3-4
- c. 2-4-1-3
- d. 2-3-4-1

8. Gatekna pethikan crita pengalaman ing ngisor iki!

Dina Selasa tanggal 10 Juli 2019, aku melu lomba nembang macapat ing Kratonm Surakarta. Pasarta kang melu lomba akeh. Aku ana ing undian nomer 30. sasuwene ngenteni, aku latian karo mirsani kanca liyane maju. Aku dheg-dhegan nalika nomer undianku disebut panitia.

Irah-irahan kang trep kanggo pethikan crita pengalaman ing ndhuwur yaiku



- a. Lomba nembang macapat
- b. Pasarta lomba ana akeh
- c. Nggenteni maju karo latihan
- d. dheg-dhegan nalika nomer undian disebut panitia

9. Ana ing carane nulis crita pengalaman, sabanjure 'nemtokake pengalaman kang dipilih' yaiku

- a. Nulis cengkorongan crita
- b. Nemtokake crita
- c. Ngurutke dadi crita pengalaman
- d. Nemtokake basa

10. Gatekna crita pengalaman ing ngisor iki!

Asiling Usahaku

Wonten ing sawijining dinten, kula didhawuhi pak guru ndherek sinau tambahan bibar sekolah. Samangke menawi asilipun sae, kula badhe didherekaken lomba wonten kabupaten. Sinau tambahan menika kalampahan saben dinten Senen dumugi Jemuwah.

Bibar sekolah dinten Kamis, kula dijak Toni kaliyan Dono bal-balan wonten ing lapangan sekolah. Kula bosen sinau, lajeng ndherek kan-kanca dolan. Pak guru nggunteni kula ingkang kedhahipun ndherek sinau tambahan. Kula dolan kaliyan kanca-kanca dumugi sonten. Kula wangsul kaliyan Toni lan Dono numpak motor.

Dinten Jemuwah enjing, kula mangkat sekolah numpak sepeda. Dumugi kelas sampun wonten pak Surya guru IPA ingkang ngasta sinau tambahan. Pak Surya nyukani soal ingkang kedhah dipungarap dening siswa kangge seleksi lomba sains kabupaten.

Kula saged garap nomer setunggal dumugi 10. Ananging nomer 11 dumugi 20 kula boten rampung. Pak Surya ngendika bilih nomer 10 ngantos 20 menika materi ingkang dipunandharaken dinten Kamis kala wingi. Amargi boten saged garap 10 nomer, asiling tes kula boten sae.

Bibar sekolah nalika kula piket kelas, bapak Pak Surya nyukani pengumuman mawi kertas ingkang dipuntempel ing kaca kelas ananging nami kula boten wonten ing daftar siswa ingkang lolos.



Temtokaken cengkorongan saking crita pengalaman ing nginggil!

a

- Sekolah nganakake sinau tambahan.
- Dijak dolan Dono lan bal-balan
- Ora melu sinau tambahan
- Seleksi lomba
- Kalah nalika seleksi

b

- Sekolah nganakake sinau tambahan.
- Dijak dolan Dono lan bal-balan
- Kalah nalika seleksi
- Ora melu sinau tambahan
- Seleksi lomba

c.

- Seleksi lomba
- Dijak dolan Dono lan bal-balan
- Ora melu sinau tambahan
- Kalah nalika seleksi
- Sekolah nganakake sinau tambahan

d.

- Seleksi lomba
- Dijak dolan Dono lan bal-balan
- Kalah nalika seleksi
- Sekolah nganakake sinau tambahan
- Ora melu sinau tambahan

Essay

Saksampunipun sinau babagan crita pengalaman, sumangga kanca-kanca saged damel crita pengalaman piyambak.

- Damel kanthi tema bebas (seneng, sedhik, lucu) saha kadamel paling sekedhik 2 paragraf! Basa ingkang dipunginakaken jumbuh kaliyan konsep unggah-ungguh basa.
- Amanat utawi pitutur luhur kados pundi ingkang saged dipunpendhet saking crita?



